

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

---

Satuan Pendidikan	: SMP Negeri 1 Sempor
Kelas/Semester	: IX / 2
Tema	: Geguritan/Puisi Modern
Sub Tema	: Menulis Geguritan/Puisi Modern
Pembelajaran ke	: 2 (Dua)
Mata Pelajaran	: Muatan Lokal Bahasa Jawa
Alokasi Waktu	: 10 Menit

### A. TUJUAN PEMBELAJARAN

#### ***Pertemuan ke-2:***

Melalui Kalawarti/Majalah Panjebar Semangat, pengamatan objek secara langsung dan kolaborasi/kerjasama:

No.KD	Deskripsi Tujuan Sesuai KD
3.4.1	Peserta didik dapat menulis geguritan/ puisi modern

### B. LANGKAH PEMBELAJARAN

#### ***Pertemuan ke-1 (10 menit)***

##### **1. Kegiatan Pendahuluan ( 2 menit )**

- Peserta didik duduk sesuai kelompok masing-masing, guru mengucapkan salam. Salah satu peserta didik (sesuai tugasnya) memimpin do'a.
- Guru mendata kehadiran peserta didik.
- Guru menyampaikan tujuan pembelajaran sesuai KD. dengan memberikan apersepsi dan motivasi sesuai materi dengan memberikan contoh tulisan guru yang pernah dimuat di majalah berbahasa Jawa "Panjebar Semangat"
- Peserta didik menyimak prosedur pembelajaran dan penilaian yang akan digunakan.

##### **2. Kegiatan Inti (6 menit)**

Pembelajaran KD. 3.4. Menulis geguritan/puisi modern. Pembelajaran dilakukan dengan prosedur sebagai berikut: melalui buku Pandhawa dan majalah berbahasa Jawa "Panjebar Semangat} dilanjutkan dengan pengamatan objek tulisan secara langsung peserta didik mampu menulis geguritan berbahasa Jawa. Sebelumnya peserta didik mengadakan pengamatan terhadap objek tulisan, guru memberikan teori mengenai cara menulis geguritan/ puisi modern yang baik. Saat melakukan pengamatan guru memberikan pendampingan ke peserta didik. Selesai pengamatan objek tulisan, peserta didik secara berkelompok menuangkan hasil pengamatan objek tulisan ke dalam geguritan/ puisi modern. Saat menulis guru tetap memberikan pendampingan terhadap peserta didik dalam hal pemilihan diksi dalam menulis.

Satu minggu sebelum pembelajaran peserta didik telah mempelajari memahami isi teks geguritan. Diberi tugas membaca geguritan/puisi modern berbahasa Jawa yang ada di dalam majalah berbahasa Jawa "Panjebar Semangat" yang ada di perpustakaan Sekolah.

##### **3. Kegiatan Penutup (2 menit)**

- Bersama peserta didik menyimpulkan materi yang telah dikerjakan
- Refeksi sikap terhadap proses pembelajaran, yaitu diperlukan kerjasama yang baik agar bisa menghasilkan tulisan yang baik.
- Merencanakan pembelajaran untuk selanjutnya.

C. PENILAIAN

Penilaian produk berdasarkan hasil tulisan dari peserta didik dengan memasukkan ke daftar nilai ketrampilan berupa produk tulisan geguritan.

Sempor, 9 Januari 2021

Mengetahui,  
Kepala SMP Negeri 1 Sempor

Guru Mata Pelajaran

Samingun, S.Pd.,M.Pd.  
NIP. 19680222 199512 1 004

Hiday Munawaroh, S.Pd.  
NIP. 19740224 200903 2 004

## Lampiran-1, MATERI MENULIS GEGURITAN

---

Tembung geguritan asale saka tembung gurit. Wanda wiwitane dirangkep dadi gegurit, lan oleh panambang: -an, dadi geguritan. Geguritan iku kalebu ewoning rumpakan puisi Jawa gagrak anyar, jalaran ora kaiket wewaton kaya ing rumpakan tembang macapat kang arupa guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Geguritan mujudake “genre” utawa perangan kasusastran jawa gagrag anyar.

Sadurunge nulis geguritan perlu digatekake perangan-perangan panyengkuyunge, yaiku:

a). Tembung itawa diksi

Tembung kang digunakake kanggo nulis geguritan iku tembung-tembung pilihan, tegese ora saben tembung bias kapilih lan dienggo, perlu dicundhukake klawan wirama, wirasa lan yen srengengge. Pengarang milih tembung bagaskara mesthine kanthi tetimbangan rasa lan irama mau.

Tuladha:

Siniram cahyaning bagaskara.

Sumusup memanasi balung sungsum

b). Gaya Bahasa utawa Retorika

Basa kang digunakake ing geguritan iku basa kang endah. Endah lan orane basa iku manut empan papane. Sanajan basa padinan utawa basa prasaja angger cundhuk klawan ancer-ancer geguritan liyane mula bakal krasa endah. Gaya Bahasa utawa retorika kang dikarepake yaiku anggone pengarang ngandharake karep kanthi nyipta gegambaran utawa imajinasi (angen-angen).

Tuladha:

Lanthing,

Ginawe ginantha pindha anting-nnting

Dipeme dipepe kebak rasa dhedhepe

Sumarah lila legawa ing asta-Ne

Warga Kebumen banget mangerteni kaya apa wujud lanthing, pangana khas kang digawe saka pohong/bodin didang, digolong, digilig, diglintir-glintir, digawe didhapuk wujud blengkeran cilik ngamba angka wolu utawa nol banjur dipepe lan digoreng.

Pengarang ngandharake pakaryane nggawe lanthing iku ora mung wujud nyambut gawe, nanging uga linambaran pangibadahan marang gustine, jer kabeh tumindak iku kudu ngarep-arep ridhane Gusti. Bab iki kang diarani gayane pengarang ngandharake perkara prasaja nanging krasa endah krana angen-angen (imajinasine) luwih saka prasaja.

c). Isi

Isi utawa maknane geguritan iku mujudake ruh utawa nyawane geguritan. Geguritan kang becik yen isine bias dipahami lan sokur bage dadi sumber semangat utawa inspirasine tumrap para maos kanggo ngadeni owah-owahan tumindak nuju bab kang luwih becik.

Saben tembung, ukara, larikan apadene pada, mesthi kinandhut makna dhewe-dhewe. Saka makna kasebut gembleng nyawiji manunggal wutuh sageguritan. Geguritan kang pinunjul iku menawa maknane tumangkar ing saben perangan lan gembleng nyawiji. Pengarang anggone ngandharake geguritan uga warna-warna carane. Ana kang cukup ditulis sawetara larikan ana uga kang ditulis dadi pirang-pirang larikan.

Tuladha:

Isih kurang saka sadhetik,  
Mripat iki wani merem,  
Donya iki peteng  
Lali klebat,  
Kelangan kiwa lan tengen,

d). Kreativitas

Kreativitas nulis geguritan iku gayutane karo gagasan anyar (kebaruan) lan wujud wadhage (bentuk/tipografi) geuritan. Kanggone pengarang kawitan (pemula) menawa kepengin diakoni dadi pengarang kudu kreatif, aja nganti dadi plagiat (penjiplak) karangane wong liya.

Tuladha:

Kabeh kuwi kanugrahan  
Kang ginelar ing sadhengah pakaryan  
Kang binudi kanthi kapitayan lan kasregepan  
Paman tanjarwa purwa  
Sawahe ayu bojone amba

e). Purwakanthi

Purwakanthi kang dikarepake ing geguritan iku kanggo nemokake irama lanswara kang slaras ing antarane tembung siji marang tembung liyane, larik siji klawan larik liyane. Bab iku kanggo nambahi daya lan ruhe geguritan ing babagan wirama lan wiras.

Tuladha:

Gayus omonganmu nyaruwuwus  
Pating clemong ceblang-ceblung  
Ndumuk kiwa ndumuk tengen  
Nggoleki kanca doalana dhakon rekening peteng  
Kang keplayu jethungan ing longan turu kemlakaren

f). Lelewaning Basa

Lelewaning Basa (majas) digunakake kanggo sarana mbregasake karep lumantar tembung-tembung kang dipilih. Bebakalan lelewaning basa iki prayoga kaudi kanthi mirunggan amrip reriptane awake dhewe manjila susastrane.

Tuladha:

Sing dakduwe kari salemba sajadah  
Muga dadia baita ing samodra gegayutan  
Aja kongsi pecah kasempyok ombaking pacoban  
Jalaran aku ngerti ing tengah kana akeh alun  
Apadene es rupa watu sagungung  
Napak tilas lakuning Satriya Jodhipati ngupadi perwitasari

## 2. CARANE NULIS GEGURITAN

a). ngematake objek kang bakal ditulis

b) nemtoake tembung-tembung pilihan (kunci) kang ednah lan nges (dikira-kira nuwuhake greget lan makna kang jero)

c). ngracik tembung-tembung pilihan kasebut dadi larik-larik ukara kang trep lan endah

d). Nglarasake wirama lan maknane larik-larik ukara gurit kasebut kanthi maca dibolan-baleni amrih katemu rasa kang pas. Yen dirasa kurang trep mula larik-larik ukara kasebut dibesut lan dijumbuhake miturut kang dikarepake.

**Lampiran-2, PEDOMAN PENILAIAN MENULIS GEGURITAN TEMA BEBAS (SESUAI DENGAN OBJEK TULISAN)**

---

NO	ASPEK YANG DINILAI	SKOR MAKSIMAL
1.	Pemilihan Kata	25
2.	Isi	25
3.	Penggunaan Gaya Bahasa	25
4.	Penggunaan Purwakanthi	25
	Jumlah	100